

**2005**  
**Notifikasyon sou Metòd Fètatanasyon pou Paran**  
**Etidyan ki gen Dizablite**

Kòm etan paran, ou gen dwa pou jwenn enfòmasyon sou dwa ou genyen anba Pwojè Lwa Moun ki gen Dizablite (IDEA). Enfòmasyon ki swiv yo enpòtan pou asire ou va kapab byen patisipe lan desizyon sou ledikasyon pitit ou. Omwens, ou va jwenn notifikasyon sou metòd fètatanasyon an lan premye fwa yo bay referans oubyen ou ta fè demand pou yon evalyasyon; lè distrik lekòl la ta derefize fè yon premye evalyasyon ou te mande; pou chak notifikasyon sou yon reyinyon ekip (IEP) ki planifye ledikasyon endividyèl pitit ou a ap fè; lè w ta konsanti pou yo ta fè yon lòt evalyasyon pitit ou a; lè distrik lekòl la ta resevwa yon demand pou yon seyans legal; ak tout lòt lè ou menm, kòm etan paran, ta mande pou yon kopi.

Sizoka distrik lekòl la ofri sa, ou va kapab chwazi pou resevwa, atravè entènèt, yon kopi metòd fètatanasyon ak kenpòt lòt notifikasyon. Ositou, distrik la va kapab mete yon kopi Metòd Fètatanasyon an sou paj entènèt li, sizoka li genyen yon.

Anba pwojè lwa ki rele IDEA, ou genyen dwa ki swiv yo.

#### **Notifikasyon Alekri Alavans**

Ou gen dwa pou jwenn alavans yon notifikasyon alekri soti lan distrik lekòl la, lan yon tan rezonab, avan distrik la ta pwopoze, oubyen derefize tanmen, oubyen chanje identifikasyon, evalyasyon, plasman edikasyonèl, oubyen pouwaye yon edikasyon piblik, apwopriye, gratis (FAPE) pou pitit ou a. Etandone gradyasyon yon elèv soti lan hayskoul ak yon diplòm nòmal se yon chanjman lan plasman timoun la, yon notifikasyon alavans vinn obligatwa.

Fòk yon notifikasyon alavans ta ekri lan yon mwayen yon moun nòmal ka konprann, fòk li ta lan lang natif-natal ou, osinon lan yon

*Feyè sa a ede paran timoun kiale lekòl lan divès depatman lekòl lan LaFlorid pou yo ka konprann tout dwa ki vini ak pwogram pou etidyan ki gen dizablite. Li bay yon rezime sou lalwa federal ak etatik ki kontwole ki jan yo pwoteje dwa ou geyen sou notifikasyon, konsantiman, evalyasyon endepandan sou ledikasyon, dosye, seyans legal ak apèl. Metòd fètatanasyon sa yo fèt pou timoun ki gen dizablite.*

mwayen kominikasyon ou itilize, amwensk se ta yon bagay ki pa fezab. Sizoka lang natif-natal ou oubyen mwayen ou kominike a pa yon lang ki kapab prezante alekri, fòk distrik lekòl la asire l:

- notifikasyon an tradwi an pawòl osinon lan lòt jan lan lang natif-natal ou, oubyen lòt mwayen kominikasyon
- ou konprann tout sa ki lan notifikasyon an
- genyen prèv distrik la ranpli ekzijans sa a.

Fòk notifikasyon alavans la genyen enfòmasyon sa yo:

- deskripsyon osinon eksplikasyon pou ki sa distrik lekòl la te pwopoze oubyen derefize fè yon aksyon
- deskripsyon tout opsyon Ekip IEP a te konsidere e pouki sa yo pat chwazi fè yo
- deskripsyon lòt faktè ki kore aksyon distrik la te pwopoze oubyen derefize
- yon deskripsyon tout pwosesis evalyasyon, detèminasyon, dosye ak rapò distrik la te i tilize pou pran desizyon lan detèmine si pitit ou a gen dizablite e ositou pou detèmine ki tip, e ositou a ki pwen pitit ou a bezwen ledikasyon espesyal ak lòt sèvis
- yon deklarasyon atestan ou genyen pwoteksyon anba metòd fètatanasyon sa yo, e ositou ki jan w ka rive jwenn yon deskripsyon pou metòd yo
- ki sous ou ka kontakte pou jwenn asistans pou konprann metòd fètatanasyon sa yo anba pwojè lwa IDEA.

## **Konsantiman Enfòmè**

Fòk distrik lekòl la jwenn pèmision w alekri anvan yo ta kapab:

- tanmen yon premye evalyasyon pou detèmine elijiblite pou sèvis ledikasyon espesyal
- pou komanse, bay pitit ou a ledikasyon espesyal ak lòt sèvis konsa, oubyen
- fè yon lòt evalyasyon pitit ou a, aleksepsyon kote distrik lekòl la, kapab montre li te fè tout posib pou li jwenn konsantiman w pou refè evalyasyon an, epi ou pat reponn yo.

Sizoka pitit ou a ta lan men leta, e ositou li pap viv avè w, fòk distrik la fè tout jefò rezonab pou rive jwenn konsantiman w pou yon premye evalyasyon. Sepandan, 'fostè paran' kapab bay pèmision. Distrik lekòl la pa gen obligasyon pou li jwenn pèmision w pou li fè yon premye evalyasyon sijamè leta te elimine dwa w kòm etan paran timoun la, osinon yon jij te elimine dwa ou te genyen pou pran desizyon sou ledikasyon timoun la, e ositou si jij la te bay yon lòt moun dwa pou reprezante pitit ou a.

Amwensk sa pa ta fezab, fòk ou ta jwenn lan lang natif-natal ou, oubyen lan lòt metòd komunikasyon, tout enfòmasyon ou ta dwe genyen pou bay konsantiman sou aktivite ki planifye a. Fòk ou ta konprann, e ositou dakò alekri, pou distrik la kapab fè aktivite yo mande konsantiman w lan, e ositou, fòk fòm pou konsantiman an detaye aktivite a, epi, sizoka ta genyen, idantifye tout dosye yo pral remèt a lòt moun, epi di a ki moun.

Konsantiman ou ta bay pou yon premye evalyasyon pa vle di pou otan ou te bay pèmision pou yo te mete timoun lan lan yon pwogram ledikasyon espesyal. Konsantiman w lan li volontè, kidonk ou kapab revoke li anvan aksyon ou te bay konsantiman an te fèt.

Sizoka ou pat bay konsantiman w pou yon premye evalyasyon, osinon ou pat reponn a demand pou sa, distrik la va kapab, men li pa gen obligasyon, pou kontinye fè posib pou rive fè yon premye evalyasyon atravè pwosesis medyasyon oubyen aksyon legal ki detaye pi ba, si apwoprye. Sizoka ou pa bay konsantiman pou mete timoun la lan yon

pwogram ledikasyon espesyal, oubyen ou pa reponn lè yo mande w pou konsantiman w, distrik lekòl la pap kapab itilize medyasyon oubyen aksyon legal pou li jwenn pèmision ou byen yon dekrè ki reklame pou yo bay sèvis yo.

Sepandan, si w ta derefize bay konsantiman pou yo ta mete timoun la lan yon pwogram, oubyen si w pa ta reponn a yon demand pou pèmèt yo fè sa, lè sa a, distrik lekòl la li menm pap an vyolasyon ak ekzijans ki di fòk yo ofri pwogram FAPE bay timoun la sizoka li pa jwenn ledikasyon espesyal oubyen sèvis pou lakèl distrik la te mande konsantiman an.

Konsantiman w pa obligatwa anvan:

- yo cheke enfòmasyon ki ekziste kòm fezan pati yon premye evalyasyon oubyen yon revalyasyon
- bay yon timoun yon ekzamen oubyen lòt evalyasyon yo bay a tout lòt timoun, amwensk yo bezwen konsantiman paran tout timoun yo anvan yo ba yo ekzamen oubyen evalyasyon an, oubyen
- pwofesè oubyen yon espesyalis ta fè yon skringing pitit la pou detèmine plan enstriksyon apwoprye pou enplemante kourikoulòm, ki se pa yon evalyasyon pou elijiblite pou edikasyon espesyal ak lòt sèvis konsa.

## **Patisipasyon lan Reyinyon**

Fòk yo ba w yon chans pou patisipe lan reyinyon sou seleksyon, evalyasyon, elijiblite, revalyasyon ak plasman edikasyonèl pitit ou a. Pou yo kapab asire patisipasyon w, fòk distrik lekòl la ba w notifikasyon sou reyinyon an bonnè ase pou ka fè aranjman pou la. Fòk notifikasyon an di w rezon pou reyinyon an, pou li ta fèt lan yon plas ki agreyab pou tout patisipan, epi, fè konnen non oubyen pozisyon lòt moun ki ap la. Fòk notifikasyon pou reyinyon ekip IEP a genyen yon deklarasyon ki di ou gen dwa pou envite lan reyinyon IEP a kenpòt moun ki gen konesans espesyal sou pitit ou a oubyen ki se yon ekspèt.

Sizoka ekip IEP a ta detèmine li apwoprye, pou tout timoun ki ta gen 14 zan laj oumwens, fòk notifikasyon an endike yon lan rezon pou reyinyon an se pou devlope yon deklarasyon sou bezwen pou sèvis tranzisyon pou pitit ou a, e ositou, distrik lekòl la va envite pitit ou a lan

reyinyon an. Sizoka ekip IEP a ta panse apwoprye, pou yon timoun ki gen 16 zan laj oubyen ki pi jèn, fòk notifikasyon an endike yon lan rezon pou reyinyon an se pou konsidere bezwen pou sèvis tranzisyon pou pitit ou a, endike distrik lekòl la va envite pitit ou a lan reyinyon an, e ositou endike ki lòt ajans va resevwa envitasyon pou voye yon reprezantan lan reyinyon an.

Yon miting pap genyen okenn konvèsasyon ki pa fòmèl oubyen ki pat prevwa, ki ta pale sou moun ki travay lan distrik lekòl la oubyen konvèsasyon sou sijè tankou metòd pou anseye, plan pou chak leson oubyen koròdinasyon lan ki jan pou bay sèvis yo, sizoka pwen sa yo pa lan IEP pitit ou a. Yon miting pap genyen okenn aktivite pou fè preparasyon kote travayè lan lekòl la ta angaje pou devlope yon pwopozisyon oubyen yon repons a yon pwopozisyon ou te fè e ki pral diskite ak ou lan yon lòt miting menm pita.

Kòm etan paran, ou se yon manb enpòtan lan ekip IEP pitit ou a, e ositou yo ankouraje w pou patisipe aktivman lan miting kote yo pral pran desizyon sou plasman edikasyonèl pitit ou a. Sepandan, sizoka w pa kapab ale lan reyinyon an, distrik lekòl la va genyen pou li jwenn lòt mwayen pou asire patisipasyon w, tankou patisipasyon atravè telefòn. Ekip IEP a va kapab pran desizyon menm si w pa lan reyinyon an, sepandan fòk distrik la kenbe yon dosye sou mwayen li te fè pou tabli reyinyon an yon lè ak yon lokal ki te konvab pou tout moun, fòk dosye a genyen ladan l enfòmasyon tankou kout telefòn yo te fè ak lèt yo te voye ba ou ak repons yo te resevwa, oubyen detay sou vizit yo te fè lakay ou oubyen lan travay ou ak rezilta vizit sa yo.

Fòk distrik la pran tout aksyon nesesè pou ou menm ak pitit ou a konprann sa ki ap pase lan reyinyon an, ki petèt ta vle di jwenn yon entèprèt sizoka ou menm oubyen pitit la soud oubyen angle pa ta lang manman w.

### Dosye

Ou va kapab enspekte oubyen revize kenpòt lan dosye edikasyonèl distrik lekòl la ranmase, kenbe oubyen itilize lan ledikasyon pitit ou a. Apre w ta finn mande sa, fòk distrik la, san delè inital, men pa pita pase 30 jou, ba w chans pou

rive jwenn epi enspekte ak revize dosye pitit ou a. Sizoka ou ta mande pou rive jwenn dosye a anvan yon reyinyon IEP oubyen yon seyans legal, fòk distrik la ba w aksè anvan reyinyon an oubyen seyans legal la. Distrik la va kapab prezime ou gen dwa ak otorite pou enspekte ak revize dosye pitit ou a amwensk li te jwenn enfòmasyon ki fè l konnen ou pa gen dwa (pa ekzanp, alakòz aksyon legal, tankou yon manda tribinal). Lè w vinn gen aksè a dosye pitit ou a, sizoka dosye a ta gen enfòmasyon sou yon lòt timoun, ou va gen pèmasyon sèlman pou wè enfòmasyon sou pitit ou a.

Lè w ta mande, ou gen dwa pou jwenn enfòmasyon sou ki sòti lan dosyè edikasyonèl yo kenbe sou pitit ou a, kote yo kenbe yo, epi ki jan pou jwenn aksè a yo. Ou gen dwa, lè w mande lan yon fason rezonab, pou genyen yon reprezantan enspekte ak revize dosye a e ositou pou jwenn yon moun lan distrik lekòl la eksplike oubyen enterprete pou ou sa ki lan dosye a.

Si w pa kapab revize dosye yo lan lekòl la oubyen lan lofis distrik la, fòk yo ba w yon kopi dosye yo. Distrik lekòl la kapab fè w peye pou kopi yo si pri kopi yo pap anpeche w enspekte epi revize dosye yo. Distrik la pa kapab fè w peye pou tan yo pase lan chèche ak kolekte enfòmasyon an. Antouka, ou gen dwa pou resevwa yon kopi gratis IEP pitit ou a, rapò evalyasyon an, ak tout lòt dokimantasyon pou detèmine si timoun la elijib pou yon pwogram ledikasyon espesyal.

Distrik lekòl la reskonsab pou li pwoteje konfidansyalite dosye edikasyonèl pitit ou a. Amwensk gen lwa leta federal ou etatik ki pèmèt diferan, distrik la va kapab mete enfòmasyon sa yo deyò sèlman ak konsantiman w. Fòk distrik la kenbe yon dosye, ak non, dat aksè, ak rezon pou aksè sou tout moun (aleksepsyon paran ak ofisyèl lekòl la ki otorize) ki ta rive jwenn aksè a dosye edikasyonèl yo.

Si w ta panse okenn lan deklarasyon ki lan dosye pitit ou a ta gen erè, kapab malmennen, oubyen vyole entimite oubyen lòt dwa pitit ou a, ou va gen dwa pou mande yon seyans legal pou kontrekare enfòmasyon an. Fòk distrik lekòl la ba w enfòmasyon sou pwosesis pou seyans legal sou dosye li yo.

Distrik lekòl la sètoblaje fè w konnen pèsonèlman lè yo pa ta bezwen ankò, kenpòt enfòmasyon ki idantifyab yo te kolekte, kenbe, oubyen itilize lan dosye edikasyonèl yo te genyen anvan pou bay timoun ou an sèvis edikasyonèl. Lè ou ta mande, distrik lekòl la va sètoblaje detwi enfòmasyon sa yo, sepandan, distrik lekòl la va kapab kenbe yon dosye pèmanan sou pitit ou a ki ka genyen: non, adrès, nimewo telefòn, not li te resevwa lan klas, jou li te prezan ak absan, ki klas li te pran, ki klas li fini, lan ki lane li fini li.

### **Evalyasyon Edikasyonèl Endepandan**

Sizoka ou pa ta dakò ak yon evalyasyon ki soti lan distrik lekòl la, ou va gen dwa pou mande distrik lekòl la pou li jwenn yon evalyasyon edikasyonèl endepandan (IEE) ki va gratis pou ou. Yon “evalyasyon edikasyonèl endepandan” vle di, se va yon moun kalifye, ki pa yon anplwaye distrik lekòl la, ki va fè evalyasyon pitit ou a. Si jamè ou ta mande pou yon IEE, distrik lekòl la va asire l IEE a fèt san delè ki pa nesèsè, osinon, fòk li tanmen yon seyans legal pou montre evalyasyon pa li a apwopriye oubyen evalyasyon ou te fè a pa rive a nivo kritè distrik lekòl la. Sizoka distrik lekòl la tanmen yon seyans legal, epi desizyon final la detèmine evalyasyon distrik lekòl la apwopriye, ou va toujou gen dwa pou mande yon evalyasyon endepandan, men se va ou ki va peye pou li. Sizoka ou ta mande pou yo fè yon IEE, distrik lekòl la va kapab mande w pou rezon ou fè objeksyon a evalyasyon an. Sepandan, ou pa gen obligasyon pou bay yon rezon, e ositou, distrik lekòl la pa kapab mete delè pou jwenn repons a demand ou an.

Sizoka distrik lekòl la ta dakò pou l peye pou yon IEE, yo sipoze itilize menm kritè tankou lè se yo ki tanmen yon evalyasyon, ikonpri lokal ak kalifikasyon moun ki ap fè evalyasyon an. Distrik lekòl la pa gen dwa enpoze okenn kondisyon pou jwenn IEE a, alapa lokal pou evalyasyon an ak kalifikasyon moun ki pa fè evalyasyon an.

Sizoka ou peye pou fè yon IEE pou fè menm evalyasyon ak distrik lekòl la, e ositou, evalyasyon an respekte kritè distrik lekòl la, fòk distrik la konsidere evalyasyon an lan tout desizyon ki gen pou wè ak pitit ou a, e ositou, ou va kapab prezante li kòm etan prèv akonviksyon lan yon seyans legal.

Sizoka yon jij lalwa administratif (ALJ) mande pou yon IEE lan yon seyans legal, fòk se leta ki pou peye pou sa.

### **Medyasyon**

Paran ak distrik lekòl la va gen yon chans pou patisipe lan yon medyasyon lan yon fason ki pa fòmèl, ki pa gen ale lan tribunal pou rezoud tout dezagreman sou kenpòt sijè ki gen pou wè ak yon pwopozisyon oubyen yon refi pou tanmen oubyen chanje idantifikasyon, evalyasyon plasman edikasyonèl, oubyen pwovizyon FAPE pou piti ou a. Depatman Ledikasyon LaFlorid mete medyasyon an disponib gratis kit pou ou menm, kit pou distrik lekòl la.

### **Medyasyon**

- li disponib pou rezoud dezagreman sou pwèn ki ka vinn parèt anvan menm ta geyen demand ki depoze pou yon seyans legal
- li volontè pou tout 2 bò yo
- se yon mediate ki kalifye e ositou ki pa lan pati-pri, ki genyen fòmasyon lan teknik medyasyon ki efikas
- ta dwe tabli lan yon bon lè ak yon plas ki konvab pou tou 2 bò yo
- li konfidansyèl, konsa tout pawòl ki pale pandan medyasyon an pa kapab parèt lan seyans legal oubyen lan pwosesis civil
- yo pap kapab pran li kòm ekskiz pou denye osinon mete delè lan dwa ou genyen pou mande yon seyans legal osinon okenn lòt dwa ki pa w.

Lè vinn genyen yon antant atravè medyasyon, tou 2 bò sètoblaje siyen yon kontra legal ki tabli rezolisyon an, ki declare tout pawòl lan medyasyon an kòm etan konfidansyèl, ki se ou menm ak yon reprezantan distrik lekòl la ki siyen li, epi li gen fòs lan kenpòt tribunal etatik oubyen federal ki apwopriye.

FDOE genyen yon lis medyatè kalifye ki pa lan pati-pri, e ositou, yo chwazi medyatè yo yon apre lòt. Medyatè yo pa kapab se anplwaye distrik lekòl oubyen lòt ajans ki bay sèvis edikasyonèl a etidyan ki gen dizablite. Sepandan, yo pa konsidere yon medyatè kòm etan anplwaye yon distrik lekòl oubyen yon lòt ajans sèlman alakòz se yon ajans ki peye moun la pou sèvi kòm medyatè. Pou mande pou yon medyasyon, ou kapab kontakte

distrik lekòl ou a, lan lofis Ledikasyon pou Etidyan Espesyal, oubyen DOE lan 850-245-0476.

### **Pwosesis Pote Plent bay Leta**

Alapa medyasyon, FDOE genyen yon pwosesis pou pote plent bay leta, kote paran ak lòt gwoup ki enterese kapab depoze yon plent devan leta kote yo ka akize distrik lekòl la te vyole ekzijans etatik oubyen federal sou ledikasyon timoun ki gen dizablite. Yo repandi pwosesis pou pote plent devan leta bay paran ak lòt moun enterese tankou sant ki bay paran fòmasyon ak enfòmasyon.

Pou depoze yon plent devan leta, fòk se yon plent alekri, ki siyen, epi ou voye li bay: Chief, Bureau of Exceptional Education and Student Services, Florida Department of Education, Turlington Building, Room 614, 325 West Gaines Street, Tallahassee, Florida 32399-0400.

Fòk plent ki siyen an;

- genyen yon deklarasyon ki eksplike ki ekzijans IDEA ki pat ranpli
- genyen yon eksplikasyon sou tout pwèn ki kore deklarasyon an
- akize yon vyolasyon ki te rive lan pa plis yon lane anvan dat ki sou plent la, amwensk se yon vyolasyon ki ap kontinye, oubyen w ap mande pou sèvis an konpansasyon pou yon vyolasyon ki te rive lan paplis pase 3 lane anvan dat ki sou plent la.

Lè yo va resevwa yon plent fòmèl, FDOE va fè w konnen ki dwa ou genyen pou ka rive jwenn solisyon altènatif, tankou medyasyon, pou rezoud sityasyon an, e ositou, lan pa plis pase 60 jou apre yon plent te poste ba yo lan biwo chèf la, fòk FDOE

- fè yon investigasyon endepandan sou plas, sizoka FDOE ta detèmine sa nesèsè
- ba w yon chans pou remèt tout enfòmasyon kit pale kit alekri sou akizasyon ki fèt lan plent la
- revize tout enfòmasyon ki aplikab, epi pran yon detèminasyon endepandan pou wè si distrik lekòl la an vyolasyon okenn ekzijans etatik oubyen federal sou ledikasyon timoun ki gen dizablite
- ba ou yon desizyon alekri ki konsidere chak pwèn ki prezante lan plent la, ikonpri

enfòmasyon yo jwenn, konklizyon ki pran ak rezon pou desizyon final FDOE pran

- ralonje limit 60 jou a si genyen sikonstans eksepsyonèl ki ekziste.

Tout desizyon Depatman Ledikasyon LaFlorid yo final. Sizoka okenn pami sijè ki lan plent la va genyen pou yo pase devan jij lan seyans legal, FDOE va mete pwèn sa yo akote jisk lan fen seyans legal la. Yo va itilize menm pwosesis ki dekri piwo a pou rezoud tout lòt dezgreman. Sizoka yon pwèn ki lan plent devan leta a te deja decide lan yon seyans legal, desizyon jij administratif la ap final, e ositou yo pap rekonsidere li lan pwosesis pote plent devan leta a.

### ***Plent devan Ajans Ledikasyon Lokal***

Sizoka ou ta chwazi pou pote plent bay sipèntandan lan distrik lekòl lokal la, fòk ou bay sipèntandan yon plent alekri, siyen, ki satisfè ekzijans ki detaye piwo yo. Lan paplis pase 5 jou apre sipèntandan an ta resevwa plent la, distrik lekòl la va fè Depatman Ledikasyon LaFlorid konnen li te resevwa plent la. Distrik la va kapab ofri medyasyon pou rezoud pwèn ki lan plent la. Lan paplis pase 25 jou apre yo te resevwa plent la, sipèntandan an va ba ou yon repons alekri kote yo detaye rezilta investigasyon sou emand distrik la te fè. Sizoka ou pa ta dakò ak rezilta yo, ou va kapab depoze yon ap alekri devan Depatman Ledikasyon LaFlorid sou repons distrik la te ba w la.

### **Pwosesis Seyans legal**

Kote li kapab preferab pou itilize medyasyon ak pwosesis sou pote plent bay leta, kit paran kit distrik lekòl la gen dwa pou yo mande yon seyans legal san pati pri. Yon demand pou seyans legal kapab fèt pou kenpòt pwopozisyon osinon refi distrik lekòl la ta bay pou tanmen oubyen chanje: idantifikasyon, evalyasyon, plasman edikasyonèl oubyen pwovizyon FAPE pou pitit ou a. Sizoka ta genyen yon demand pou yon seyans legal, se va FDOE ki va fè seyans legal la atravè yon jij administratif legal (ALJ) ki san pati-pri, ki lan Seksyon Seyans legal Administratif LaFlorida (DOAH) la, an règ ak tout Lwa LaFlorid ak règleman Komite Ledikasyon Leta LaFlorid

### ***Pwosesis pou Mande pou Seyans Legal***

Fòk yon demand pou yon seyans legal akize yon vyolasyon ki te fèt paplis pase 2 zan anvan moun ki ap pote plent la te konnen, oubyen, ta dwe te konnen swadizan aksyon ki fòme baz plent la te rive. Fòk distrik lekòl la genyen yon pwosesis an plas ki ta fòse bò ki mande pou seyans legal la pou ranpli yon demand pou seyans la pou li bay lòt bò a (ki pou rete konfidansyèl). Distrik lekòl la va ba ou yon fòm pou ranpli pou mande pou seyans legal, epi ou va genyen pou depoze li ak distrik lekòl la, jan yo di w li. Lè w depoze demand la, ou va genyen tou pou voye yon kopi demand la bay a Biwo pou Ledikasyon Eksepsyonèl ak Sèvis Etidyan lan adrès ki parèt anwo fòm plent la.

Sizoka ou ta itilize fòm plent distrik lekòl la te ba ou a, epi ou ranpli li an total kòm sadwa, lè sa a, plent ou a va sifi. Pou pipiti, fòk demand pou seyans legal la genyen ladan l:

- non pitit ou a
- adrès kote piti la rete
- non lekòl kote ti moun la ale
- lan ka yon ti moun ki pa gen kay (omlès), bay enfòmasyon sou timoun la ak non lekòl kote timoun la ale a
- deskripsyon baz pwoblèm ki ap fè w pote plent la ki gen pou wè ak inisyasyon ki pwopoze a, oubyen derefize pou tanmen li osinon chanje li, ak tout sa ki gen pou wè ak pwoblèm la
- yon mwayen ou ta pwopoze pou rezoud pwoblèm la ou ta panse lè a.

Yon lan 2 bò yo ki ta mande pou yon seyans legal pap rive jwenn seyans la oubyen menm patisipe lan yon reyinyon pou rezolisyon jan sa detaye piba, toutotan moun la oubyen avoka ki reprezante li pa ta depoze yon demand pou yon seyans legal ki satisfè ekzijans ki detaye piwo yo.

Demand ou ta fè pou yon seyans legal ap sifi, amwensk distrik lekòl la notifiye w dirèk ak jij ALJ a, tou, lan paplis pase 15 jou apre yo te resevwa demand pou seyans legal la pou fè konnen demand la pa satisfè ekzijans ki detaye piwo yo. Lan paplis pase 5 jou apre DOAH ta resevwa yon notifikasyon konsa, jij ALJ ki reskonsab ka a va fè yon detèminasyon sou demand pou seyans legal la pou wè si li satisfè ekzijans yo, e ositou, li va genyen pou li

notifiye tout 2 bò yo alekri sou detèminasyon li te fè.

Yon lan 2 bò yo kapab chanje demand li te fè pou yon seyans legal sèlman si lòt bò a dakò alekri a chanjman an, e ositou, yo ba li yon chans pou li rezoud demand la atravè yon reyinyon, jan sa eksplike pi ba; osinon, sizoka jij ALJ a bay pèmision, men pa pita pase 5 jou anvan seyans legal la te dwe komanse. Sizoka yon lan 2 bò yo ta depoze yon chanjman pou fè lan yon seyans legal, orè pou reyinyon an ak tan total pou rezoud pwoblèm la va rekomanse konte lan jou demand pou chanjman an te depoze.

Sizoka ou ta depoze yon demand pou yon seyans legal, e ositou, distrik lekòl la pa voye yon notifikasyon alekri ba ou sou sijè ki lan demand ou a, fòk distrik lekòl, lan paplis pase 10 jou apre li te resevwa demand la, la voye ba ou yon repons ki genyen:

- yon eksplikasyon sou pouki distrik lekòl la pwopoze osinon derefize pou li pran aksyon ki lan demand ou te fè pou seyans legal la
- yon deskripsyon sou tout lòt opsyon ekip IEP a te konsidere e ositou rezon pou opsyon li te rejte yo
- yon deskripsyon sou chak pwosesis evalyasyon, chak dosye oubyen rapò distrik la te itilizekòm baz pou aksyon yo pwopoze a oubyen te rejte a
- deskripsyon lòt faktè ki gen pou wè ak aksyon distrik la te pwopoze oubyen derefize.

Kote sa ta apwoprye, pwovizyon ki ta lan notifikasyon alekri a pap anpeche distrik lekòl la kenbe pou li di demand ou fè pou seyans legal la pa sifi.

Aleksepsyon sa ki di piwo a, fòk bò ki ta resevwa yon demand pou yon seyans legal, lan paplis pase 10 jou apre li finn resevwa kopi demand la, voye yon repons bay lòt bò a ki reponn dirèk a pwèn ki souleve lan demand

### **Reyinyon pou Rezolisyon**

Lan paplis pase 15 jou apre yo ta resevwa demand ou te fè pou yon seyans legal, e ositou, anvan yo ta komanse ak seyans legal la, distrik lekòl la va genyen pou li òganize yon

reyinyon ant ou menm, moun ki reprezante ekip IEP a ki ta genyen enfòmasyon dirèk sou pwèn ki parèt lan demand la ki:

- konpri yon reprezantan distrik lekòl la ki gen pouvwa pou pran desizyon
- pap kapab konpri yon avoka pou distrik lekòl la amwensk ou vini ak avoka pa w.

Rezon pou reyinyon pou rezolisyon an se pou kapab ba w yon chans pou pale sou demand ou te fè pou seyans legal la, ak enfòmasyon dirèk ki kore demand la pou, konsa distrik lekòl la va genyen yon chans pou yo rezoud pwoblèm yo.

Yo pap bezwen fè reyinyon sou rezolisyon an sijamè:

- ou menm ak distrik lekòl la vinn dakò alekri pou nou renonse a reyinyon an, oubyen
- ou menm ak distrik lekòl la vinn dakò pou nou itilize pwosesis medyasyon an jan sa eksplike piwo a

Fòk seyans legal la fèt, sizoka distrik lekòl la pa ta rive rezoud demand pou seyans legal la, lan gou w, lan paplis pase 30 jou apre yo te resevwa demand la. Yon delè 45 jou pou jij ALJ a ta rive pran yon desizyon final ap komanse lè 30 jou sa yo va fini.

Aleksepsyon lan ka kote ou menm ansanm ak distrik lekòl la te deside pou nou renonse a yon reyinyon pou rezolisyon oubyen pou itilize sistèm medyasyon an, epi se te ou menm ki te fè demand pou seyans legal la, lefèt ou pat patisipe lan reyinyon pou rezolisyon an va lakòz delè lan orè pou pwosesis rezolisyon an ak tout orè seyans legal la jisk reyinyon an fèt.

Sizoka yon rezolisyon a dezagreman ta vinn fèt lan reyinyon pou rezolisyon an, fòk tou 2 bò yo siyen yon antant legal:

- ou menm, ou va siyen ansanm ak yon reprezantan distrik la ki gen otorite pou li angaje distrik la
- ki gen valè lan tout tribinal federal ak etatik.

Sizoka 2 bò yo ta siyen yon antant, ni yon ni lòt va kapab anile kontra a lan paplis pase 3 jou biznis apre li te siyen.

### ***Jij Lalwa Administratif***

Sizoka yon seyans ta nesèsè, yo va mete yon jij lalwa administratif (ALJ) reskonsab pou li mennen seyans la, epi pran yon desizyon. Jij Alj a pa kapab se yon anplwaye ajans lan lekòl la ki enplike lan ledikasyon oubyen lan swen pitit ou a, li pa kapab nonplis se yon moun ki ta genyen yon enterè pèsònèl oubyen pwofesyonèl ki ta pote li lan pati-pri lan seyans la. Fòk yon jij ALJ ki reskonsab yon seyans legal gen konesans nesèsè ak abiltè pou li konprann tout règ IDEA yo, regleman ki kontwole yo, ak règ LaFlorid, ak tout entèpretasyon tribinal federal ak etatik sou IDEA. Diplis, fòk jij ALJ a genyen konesans nesèsè ak abiltè pou mennen seyans la an lwin ak pratik legal ki apwoprye e ositou ki reponn a tout ekzijans legal yo. Lan leta LaFlorid, fòk jij ALJ yo mennen seyans yo an lwin ak Regleman Inifòm pou Pwosesis Administratif, Chapit 28-106, FAC ak règ 6A-6.03311 (11), FAC. Sizoka yon seyans ta nesèsè, jij ALJ a va enfòmè ou menm oubyen reprezantan/avoka w sou tout konferans ki pou fèt anvan seyans la, ki pwosesis ak orè ki aplikab, ak tout pwosesis pou fè echanj prèv akonviksyon

### ***Dwa lan Seyans Legal***

Pandan yon seyans legal, ou menm ak distrik lekòl la, pou pipiti va gen dwa:

- gen avoka pou reprezante nou, osinon jwenn yon reprezantan ki kalifye anba regleman LaFlorid ki aplikab, oubyen pou ta vini ak moun oubyen jwenn konsèy lan men moun ki gen konesans espesyal oubyen fòmasyon sou pwoblèm elèv eksepsyonèl genyen, oubyen yon konbinezon tout sa yo
- prezante prèv akonviksyon
- poze keksyon, e ositou fòse temwen vini lan tribinal
- anpeche yon bò prezante prèv lòt bò a pat gen chans wè omwen 5 jou alavans seyans la
- rive jwenn, gratis, yon dosye tout seyans la alekri oubyen, si w ta pito, jwenn li lan fòm elektronik
- rive jwenn, gratis, desizyon jij la ak pwèn li aksepte alekri oubyen lan fòm elektronik

Sizoka ou menm oubyen distrik la ta genyen prèv akonviksyon tankou evalyasyon oubyen rekomandasyon baze sou evalyasyon, epi nou gen entansyon itilize li pandan seyans la, fòk

bò ki pral fè sa a bay lòt bò a yon kopi lan pa mwens pase 5 jou alavans anvan seyans la. Jij ALJ a kapab anpeche yon bò, ki pat bay lòt bò a prèv la, pou li ta prezante lan seyans la yon evalyasyon oubyen rekomandasyon konsa san konsantiman lòt bò a.

Kòm etan paran, ou va gen dwa sa yo tou:

- pou distrik la ta avize w sou asistans legal ki ta gratis oubyen a ba pri, ak lòt sèvis ki kapab disponib lan sektè a
- pou yo ta fè w konnen medyasyon disponib (Sepandan, etandone medyasyon an volontè pou tou 2 bò yo, distrik la va gen dwa pou li pa patisipe lan medyasyon.)
- si w ta vle, pou gen pitit ou asiste lan seyans la
- si w ta vle, pou seyans la ta piblik
- pou seyans la ta fèt lan yon lè ak yon plas ki konvenyan pou ou
- pou resevwa yon kopi dosye seyans la ak desizyon final jij ALJ a te pran.

Aprè 30 jou pou rezolisyon enfòmèl la ta pase, delè 45 jou pou jij ALJ a rive pran desizyon final la va komanse e ositou, yo va tanmen seyans la. Sizoka yon bò ta mande sa, jij ALJ a va kapab decree yon ekstansyon a tan sa a, men ositou, fòk li poste yon kopi desizyon voye bay tou de bò yo. Desizyon jij ALJ a li final, amwensk se ta ou menm oubyen distrik lekòl ta ki ta eseye jwenn yon revizyon sou desizyon tribinal la, jan sa detaye piba.

Aprè yo ta elimine tout enfòmasyon ki ka idantifye moun, fòk FDOE a voye desizyon final jij ALJ a bay a Komite Konsèy Leta LaFlorid pou Ledikasyon Etidyan Eksepsyonèl, epi, rann li piblik.

**Revizyon yon Tribinal sou Desizyon Jij ALJ**  
Aprè yon seyans legal, sizoka yon lan bò yo pa satisfè ak desizyon final jij ALJ a, li va gen dwa, lan paplis pase 30 jou pou li pote yon aksyon sivil lan tribinal distrik federal oubyen lan tribinal sikwi leta LaFlorid san konsiderasyon sou valè lajan ki an dezagreman an. Lan yon aksyon parèy, fòk tribinal la ta resevwa dosye pwosesis administratif la; tande lòt prèv yon bò ta pote; epi baze desizyon li sou bò ki pote plis prèv la, li va bay soulajman li panse ki apwoprye. Lan menm sans la, yon bò ki pa ta satisfè kapab mande pou yon revizyon san pati-pri lan men tribinal

kasasyon distrik leta LaFlorid, jan sa tabli anba lalwa aplikab LaFlorid. Pa genyen anyen lan pwovizyon sa a ki ta limite dwa, pwosesis ak rekous ki disponib anba Konstitisyon LèZetaZini, anba Pwojè lwa 1990 pou Meriken ki gen Dizablite, Lwa Title V lan Pwojè Lwa 1973 pou Reyabilitasyon, oubyen lòt pwojè lwa federal ki pwoteje dwa timoun ki gen dizablite. Sepandan, anvan yon lan bò yo ta kapab lanse yon aksyon sivil anba lwa sa yo pou jwenn soulajman ki ta disponib anba IDEA, fòk li ta pase tout pwosesis pou yon seyans legal ki tabli piwo a anba IDEA

### **Depans Avoka**

Sizoka ou ta soti genyen lan yon seyans legal oubyen lan yon lan lòt pwosesis ki swiv li, ou va kapab lanse yon aksyon lan tribinal distrik federal, oubyen tribinal sikwi etatik, lan tan lalwa tabli, pou kapab rejwenn depans rezonab ou te fè lan peye avoka ak depans legal yo. Se ta sèlman tribinal distrik federal oubyen tribinal sikwi etatik ki gen dwa akòde depans avoka ak depans legal, e ositou, tout akòdans sa yo va baze sou valè ki ta nòmal lan kominote w la pou espès ak kalite sèvis yo te ba ou.

Tribinal la va kapab derefize demand ou ta fè pou akòde depans avoka pou tout sèvis ou ta jwenn sizoka distrik la te ofri, alekri, pou li peye yon valè, plis pase 10 jou anvan seyans legal la ta komanse. Sizoka ou pat aksepte sa yo te ofri w la lan mwens pase 10 jou, epi tribinal la oubyen jij ALJ a decide valè yo ta akòde w la pa pi favorab pase sa distrik la te ofri w la, lè sa a, yo kapab pa akòde w depans avoka. Sepandan, yo va akòde w yo sijamè ou te "jistifye anpil" lè w pat aksepte valè distrik la te ofri w la.

Yo pap akòde depans pou avoka ki gen pou wè ak okenn reyinyon ekip IEP (amwensk reyinyon IEP a te òganize dapre rezilta yon seyans legal oubyen okenn lòt aksyon lajistis), oubyen yon reyinyon pou rezolisyon, oubyen seyans medyasyon ki te fèt anvan yon demand te depoze pou yon seyans legal.

Yon tribinal kapab redwi depans pou avoka sijamè tribinal la ta decide ou te prolonje, lan yon fason ki pat rezonab, tan li te vinn pran pou rezoud dezagreman an, oubyen valè avoka a chaje pou travay li chak awa oubyen tan li te pran lan pwosesis la te twòp.

Sepandan, sa pa aplikab sizoka tribinal la ta deside se te distrik lekòl la ki te lakòz delè ki pat rezonab pou rive lan rezolisyon final aksyon oubyen pwosesis la, oubyen te genyen yon vyolasyon lan regleman IDEA.

Yo kapab akòde depans bay FDOE a oubyen bay a distrik lekòl la lè se ta yo ki soti genyen lan yon seyans legal kont avoka w la sizoka avoka a te depoze yon demand pou yon seyans oubyen lòt aksyon legal ki frivòl, pa rezonab, oubyen san yon baz legal. Yo kapab rive jwenn pou se ou ki pou peye pou depans legal sisoka w ta kontinye pouse yon aksyon legal ki vinn parèt klè kòm etan frivòl, pa rezonab, oubyen san baz. Diplis, yon ajans lekòl ki ta genyen kont ou kapab jwenn se ou, oubyen avoka w, ki pou peye depans avoka pa yo, sizoka demand ou te fè pou yon seyans legal te prezante sou yon baz ki pa korèk, tankou pou enbete, oubyen pou mete delè, oubyen pou ogmante valè aksyon legal la ap koute, san nesessite.

Plasman pandan yon Seyans Legal ak Apèl Pandan yon pwosesis administratif oubyen aksyon legal ap diskite, pitit ou a kapab rete anplas lan anvironman ledikasyon li ye a, amwensk ou menm oubyen distrik lekòl la ta dakò pou chanje l. Sizoka dezagreman an gen pou wè ak enskripsyon pitit ou a lan lekòl piblik, lè sa a, ak pèmasyon ou, yo va mete pitit ou a lan yon pwogram lekòl piblik jisk pwosesis la fini. Yo va sètoblize founi yon nouvo plasman pandan yon pwosesis apèl, sizoka jij ALJ a ta dakò ak ou menm yon chanjman plasman konsa ta apwoprye

### **Displin**

Sizoka konpòtman pitit ou a ta anpeche l aprann, oubyen anpeche lòt yo aprann, fòk yo ta konsidere, pou devlopman IEP pitit ou a, pou yo mete li lan yon plan ki genyen konpòtman pozitif ak lòt sipò.

### **Ranvwaye pou Yon Tan Kout**

Kote yo ta discipline yon timoun ki pa gen dizablite, anplwaye distrik lekòl yo va kapab retire pitit ou a soti lan plasman li ye a pou yon period paplis pase 10 jou pandan yon lane lekòl, e ositou, retire timoun la pap reprezante chanje plasman yo te fè pou timoun ou a. Distrik lekòl la pa gen obligasyon pou li bay sèvis ledikasyon pandan tan ti moun la pa

lekòl, sijamè, anba menm sityasyon an, yo pa ta bay menm sèvis sa yo a yon timoun ki pa gen dizablite

### **Ranvwaye pou Lontan**

Ranvwaye yon timoun lekòl pou yon period pou 10 jou oubyen plis pandan yon lane lekòl kapab petèt reprezante, petèt pa, yon chanjman lan plasman, depandan sou sèten faktè tankou valè tan li deyò chak fwa, kantite tan yo kenbe timoun la deyò lekòl pandan lane lekòl la ak kantite tan ki pase ant chak fwa yo mete li deyò. Sizoka yo ta ranvwaye pitit ou a pou plis pase 10 jou pandan lane lekòl la, fòk distrik lekòl la bay pitit ou a sèvis nesèsè pou pèmèt li pwogrese lan kourikoulòm general la, ak plasman apwoprye pou li ka rive konpli bit IEP yo.

Sizoka yo ta ranvwaye pitit ou lekòl la pou 10 jou yon-apre-lòt oubyen total pandan lane lekòl la, epi retire l lekòl la epi, abitud la vin reprezante yon chanjman lan plasman, fòk distrik lekòl la notife w sou desizyon yo pran pou ranvwaye l, epi ba w yon kopi pwosesis fètatasyon lan menm jou yo pran desizyon pou yo ranvwaye l la. Diplis, fòk yo tabli yon reyinyon IEP pibonè possib, men, pa plis pase 10 jou apre desizyon pou ranvwaye l lan lekòl la pou yo kapab determine ki sa ki ap manifeste.

Lan detèminasyon sou sa ki ap pase a, ekip IEP a va konsidere tout enfòmasyon aplikab ou te bay, sa yo te obzève sou timoun la, IEP pitit ou a, ak plasman ak lòt enfòmasyon aplikab, epi determine baze sou konpòtman an, ak posiblite aksyon disiplin:

- IEP pitit ou a ak plasman kit te fèt, yo te apwoprye e ositou yo te aplike yo
- Dizablite pitit ou a, li te deranje abiltè pou konprann enpak ak konsekans sou konpòtman li
- Dizablite pitit ou a, li deranje abiltè pou kontwole konpòtman li vizavi yon aksyon disiplin

Sizoka ekip IEP a determine konpòtman pitit ou a pat gen anyen pou l wè ak dizablite li, lè sa a li va apwoprye pou yo ta kenbe pitit ou a deyò lekòl la, epi yo va ofri bay pitit ou a sèvis lan yon local diferan. Ekip IEP a va deside ki sèvis ki nesèsè pou pèmèt yon pwogresyon lan kourikoulòm jeneral la ak pwogrè lan rive lan bit IEP yo.

Sizoka ekip IEP a ta determine se dizablite a ki lakòz konpòtman pitit ou a, kidonk, plasman pitit ou a pa kapab chanje an aksyon disiplin, sepandan, ekip la va kapab determine li nesèsè pou fè yon chanjman lan plasman li pou li kapab resevwa FAPE lan yon environman ki mwen restriktif. Sizoka ou pa ta dakò ak desizyon disiplin yo te fè a, ou va gen dwa pou mande pou yon seyans legal dan limedya.

Kit konpòtman an te alakòz dizablite a, kit pa, lan paplis pase 10 jou apre yon ranvwa ki anefè se yon chanjman lan plasman, osinon apre yon ranvwa pitit ou a pou plis pase 10 jou lekòl lan lane lekòl la, ekip IEP a va planifye pou yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl, epi devlope yon plan entèvansyon konpòtman pozitif (PBIP) pou pitit ou a pou adrese konpòtman kite lakòz ranvwa a, epi, si nesèsè, chanje PBIP ki deja ekziste a. Komansan lan onzyèm jou an total yo te ranvwaye li soti lekòl pandan lane lekòl la, distrik lekòl la va genyen pou li bay sèvis nesèsè pou pèmèt pitit ou a pwogrese kòm sadwa lan kourikoulòm jeneral la, epi vanes pou lik konpli bit IEP yo.

#### ***Anvironman Edikasyonèl Alternatif Tanporè***

Sizoka pitit ou a ta pote yon zam lan lekòl la oubyen lan yon aktivite lekòl la, osinon ta posede yon zam andan lekòl la oubyen lan yon aktivite lekòl la, osinon, ak tout konesans li ta posede osinon ta itilize dwòg ilegal, osinon vann ou chèche achte yon matyè kontwole pandan li lan lekòl la oubyen lan yon aktivite lekòl la, distrik lekòl la va kapab mete pitit ou a lan yon environman edikasyonèl alternatif tanporè (IAES) pou rive jisk 45 jou san pèmision alekri w. Lè yo ta pran desizyon pou mete pitit ou a lan yon IAES, fòk distrik lekòl la notifiye w lan menm jou yo pran desizyon an epi ba w yon kopi notifikasyon pwosesis fètasyon yo. Fòk distrik lekòl la swiv tout pwosesis ki detaye anba seksyon "Ranvwaye pou Lontan." Pou tout lòt infraksyon alapa vyolasyon zam ak dwòg, yon distrik lekòl kapab, atravè yon seyans legal dan limedya, mande pou yon jij ALJ mete pitit ou a lan yon IAES pou rive jisk 45 jou sizoka distrik lekòl la ta panse pitit ou a prezante yon danje a tèt li oubyen a lòt yo.

Yon IAES se yon local diferan kote, alakòz rezon disiplin, yo bay sèvis ledikasyon pou

yon tan espesifye. Se va ekip IEP a ki va determine IAES la, e ositou, fòk yo chwazi yon ki kapab pèmèt pitit ou a kontinye, lan yon local diferan, fè pwogrè lan kourikoulòm jeneral la, epi kontinye resevwa sèvis ak modifikasyon ak tout sa ki detaye lan IEP a ki va pèmèt li rive satisfè bit IEP yo. Fòk IAES la konpri sèvis ak akomodasyon pou drese konpòtman ki lakòz ranvwa a, e ositou ki ta anpeshe move kondwit la rive ankò.

Sizoka w pa ta dakò ak desizyon an, e ositou ou ta mande yon seyans legal dan limedya pou kontrekare desizyon an, pitit ou a va rete lan IAES la toutotan seyans la ap plede, amwensk ou menm ak distrik lekòl dakò diferan, osinon apre period 45 jou a pase. Yon lekòl kapab mande lòt seyans legal dan limedya ak plasman altènatif sijamè apre premye 45 jou yo pase, lekòl la panse pitit ou a poze yon danje toujou. Si w pa ta dakò ak desizyon jij ALJ te pran lan seyans legal dan limedya a, ou va kapab ale an apèl epi lanse yon aksyon sivil lan tribunal federal, distrik oubyen sikwi etatik.

Sizoka yo jwenn pitit ou a pa elijib pou edikasyon espesyal, men sepandan, distrik lekòl gen konesans pitit ou a te gen dizablite anvan konpòtman ki lakòz yo pran aksyon disiplin la, ou va kapab mande pou yo ba li menm pwoteksyon ak yon etidyan ki gen dizablite. Yo va konsidere kòm kwa distrik la gen konesans yon dizablite sijamè ou te eksprime enkyetid ou pitit ou a gen bezwen ledikasyon oubyen sèvis espesyal alekri (oubyen an pawòl sizoka w pa kapab li ou ekri), oubyen si konpòtman pitit ou a oubyen randman li lan lekòl la montre bezwen pou ledikasyon espesyal, oubyen si w te mande yon evalyasyon pou detèmine si pitit ou a bezwen ledikasyon espesyal, oubyen si yon lan pwofesè timoun la osinon lòt travayè lan distrik la te voye referans pou sèvis ledikasyon espesyal bay a direktè ledikasyon espesyal la oubyen bay lòt travayè apwoprye lan distrik la. Yo pap konsidere distrik la kòm etan okouran ekzistans yon dizablite si distrik la te fè ton evalyasyon, epi li te rive detèmine pitit ou a pa genyen yon dizablite, oubyen si yo te detèmine pat genyen nesèsite pou yon evalyasyon, epi yo te enfòme w alekri sou detèminasyon pitit ou pa gen yon dizablite.

### **Plasman lan Lekòl Prive**

Sizoka distrik la te mete yon FAPE disponib pou pitit ou a, men ou ta chwazi pou mete pitit ou a lan yon lekòl prive oubyen yon lòt kote san konsantiman osinon referans distrik lekòl la, distrik lekòl la pap genyen okenn obligasyon pou li ta peye pou lekolaj la, ikonpri ledikasyon espesyal ak lòt sèvis konsa. Sepandan, si pitit ou a te resevwa ledikasyon espesyal oparavan lan men distrik lekòl la, yon jij ALJ va kapab dekrete pou distrik lekòl la ranbouse w pou lekolaj lekòl prive a, sizoka jij ALJ a detèmine plasman lan lekòl prive a te apwopriye e ositou distrik lekòl la pat mete FAPE a disponib a pitit ou a atan.

Jij ALJ a oubyen tribinal la kapab redwi osinon rejte demand ou ta fè pou ranbousman sijamè, lan dènnye reyinyon IEP ou te patisipe ki te fèt anvan w te retire pitit ou a lan lekòl piblik la, ou pat enfòm ekip IEP a ou te ap rejte plasman yo te pwopoze, ou pat deklare, nonplis, ki souwi ou te genyen ak entansyon w pou ta mete pitit ou a lan yon lekòl prive sou kont leta; ositou si, pou pipiti 10 jou anvan w te retire pitit ou a lan lekòl piblik, ou pat bay distrik la notifikasyon alekri ou te ap rejte plasman an epi enskri pitit ou a lan yon lekòl prive; diplis, anvan w te retire pitit ou a lan lekòl piblik, distrik la te enfòm w alekri sou entansyon li pou fè yon evalyasyon pitit ou a, sepandan ou pat mete li disponib a yo menm; oubyen tribinal la te dekrete ou te fè yon aksyon ki pa rezonab. Sepandan, yo pap kapab redwi oubyen diminye demand ou te fè pou ranbousman sizoka lekòl la te anpeche pou te ba yo yon notifikasyon alekri, oubyen ou pat resevwa yon kopi pwosesis fètatansyon an, oubyen reklame pou bay notifikasyon ki ta lakòz yon bagay mal fizik ta rive pitit ou a. Diplis, si jij ALJ a oubyen tribinal la ta vle, yo

pa kapab denye demand pou ranbousman ou te fè sizoka ou pa kapab li ak ekri an angle, oubyen pou ta fè sa notifikasyon an reklame a ta lakòz yon bagay mal fizik ta rive pitit ou a.

### **Transfere Dwa Parantal**

Lan jou pitit ou a va gen 18 lane laj, tout dwa ou genyen anba pwogram IDEA va transfere a pitit ou a amwensk yo deklare pitit ou a kòm etan enkonpetan anba lalwa LaFlorid oubyen yo te nonmen yon gadyen pou pran desizyon pou li ki ta afekte sèvis ledikasyon anba lalwa LaFlorid. Malgre dwa yo ta transfere, distrik la va kontinye bay notifikasyon alekri voye ba ou ak bay pitit ou a, e ositou, distrik lekòl la va voye notifikasyon ba ou ak bay pitit ou a sou transfè dwa yo, lè pitit ou a va vinn gen 18 lane laj

Tout dwa, ikonpri dwa a notifikasyon, ki akòde a yon paran va transfere a yon timoun ki gen 18 lane laj, ikonpri sa yo ta kenbe lan yon lokal jistis pou timoun oubyen yon lokal pou koreksyon.

Sizoka pitit ou a rive gen 18 lane laj e ositou li pa gen abiltè pou li bay yon konsantiman enfòm sou pwogram ledikasyon li, ou va kapab deklare pitit ou a kòm etan enkonpetan, epi pou yo ta nonmen yon gadyen, ki tabli anba lalwa LaFlorid pou reprezante enterè ledikasyon pou pitit ou a pandan tout tan li kalifye pou li jwenn ledikasyon espesyal ak lòt sèvis konsa, oubyen, sizoka ou pa disponib, pran yon lòt moun kalifye pou reprezante enterè ledikasyon pitit ou a toutotan li elijib pou ledikasyon espesyal ak lòt sèvis konsa.

Pou plis enfòmasyon sou pwosesis fètatansyon lan ledikasyon etidyan eksepsyonèl, tan pri, pran kontak ak:

- administratè pou ledikasyon etidyan eksepsyonèl lan distrik lekòl la
- sant Florida Diagnostic and Learning Resource System ki sèvi sektè w la.
- Biwo Sèvis Etidyan pou Ledikasyon Espesyonèl lan Depatman Ledikasyon LaFlorid (850-245-0475).

**Se Depatman Ledikasyon LaFlorid, K-12 Lekòl piblik, Biwo Sèvis Etidyan pou Ledikasyon Espesyonèl ki te devlope epi distribye echantiyon notifikasyon an.**

ESE 11251



Florida Department of Education  
John L. Winn, Commissioner